



ODISYON PIBLIK VITYÈL SOU PLANNIFIKASYON

Amelyorasyon Entèseksyon Canton St (Route 27),

**School Street, Summer Street ak Cushing Street
Stoughton, MA**

Sa k ap pase?

Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann modèl yo pwopoze pou amelyorasyon nan entèseksyon Canton St (Wout 27), School St, Summer St, School St, ak Cushing St. Tout kòmantè ak remak moun fè kòm repons pou odisyon an pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Pwojè yo pwopoze a, se pou rebati entèseksyon Canton Street (Wout 27), School Street ak Summer Street la, ak entèseksyon School Street ak Cushing Street la, ak segman School St ki ant Canton St (Wout 27) ak Cushing St la. Nan pami travay yo pwopoze yo, ap genyen amelyorasyon pou pyeton, tankou enstalasyon nouvo kannivo ak nouvo twotwa, ranp ki konfòm avèk ADA, pasaj pyeton, ranplasman twotwa ki la kounye a, ak amelyorasyon pou bisiklèt tankou trase pataj pou pataje sikilasyon. Nan amelyorasyon pou trafik yo, pral genyen enstalasyon nouvo siyal nan entèseksyon Canton Street (Wout 27) ak School Street ak Summer Street, epi nan entèseksyon School Street ak Cushing Street.

Kilè

Jedi 3 jen 2025, depi
6:30PM jiska 7:30PM

Pou Patisipe

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Ale nan adrès www.mass.gov/orgs/highway-division/events pou plis enfòmasyon, oubyen pou wè yon anrejistreman prezantasyon an, si ou pa kapab vini nan reyinyon an.



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonnab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòma altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès oubyen MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, si posib 10 jou anvan aktivite a.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonik o MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us. Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: PROJECT MANAGEMENT, PROJECT FILE NO. 611981**